ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№53 (23.211) • 2016 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 23, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# IуэхущIапIэхэм я лэжьэкIэм арэзы къыщIащ

• Дыгъуасэ



**УФ-м лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ защIэгъэкъуэнымкIэ и министр Топилин Максим дыгъуасэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIащ.**

- РЕСПУБЛИКЭМ исхэм я псэукIэм, иужьрей зэманым къызэIуаха IэнатIэщIэхэр зыхуэдэм, ныкъуэдыкъуэхэм мыбдеж зэращыдэIэпыкъум зыщыдгъэгъуэзэныр ди мурад нэхъыщхьэщ. Апхуэдэуи дакъытеувыIэнущ хьэрычэт щIэным епха Iуэхугъуэхэм, - жиIащ Топилин Максим зэIущIэм и пэублэм. - Сэ сызэрыщыгъуазэмкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым зэпымыууэ щыхущIокъу IэнатIэщIэхэр къызэIухыным, апхуэдэуи щIыналъэм зэфIэкI хъарзынэхэр щиIэщ мэкъумэш IэнатIэм. Дауи, абыхэмкIэ сэбэп мэхъу федеральнэ программэхэр. Иджырей зэманыр нэхъ тынш дыдэхэм ящымыщми, щIыналъэр зэрефIакIуэр нэрылъагъуэщ.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, абы и япэ къуэдзэ Дадэ МуIэед, КъБР-м лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр Тюбеев Альберт, нэгъуэщI республикэ унафэщIхэри щIыгъуу, Топилин Максим зыщиплъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и IуэхущIапIэ зыбжанэм. Япэу ар кIуащ хадэхэкIхэр щахъумэ «Прохладное» ОАО-м. 2015 гъэм и бадзэуэгъуэм къызэIуаха IуэхущIапIэм цIыху 200-м щIигъу лэжьыгъэ IэнатIэкIэ къызэригъэпэщащ, илъэсым абы кIэртIофрэ хадэхэкIыу тонн мин 75-рэ щахъумэфынущ.

Налшык къалэм ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и центрым и унафэщI Канунниковэ Татьянэ я лэжьыгъэр зыхуэдэм министрыр щигъэгъуэзащ, IуэхущIапIэм зыщригъэплъыхьащ, апхуэдэуи Iуэхутхьэбзэ хуейуэ абы къекIуэлIахэм ар ирагъэпсэлъащ.

Апхуэдэуи и гугъу ящIащ центрыр зи нэм фIыуэ имылъагъухэм я зэгухьэныгъэм, Афган зауэм хэтахэм, ныкъуэдыкъуэхэм щхьэхуэу зэрадэлажьэм, хьэрычэт IуэхущIапIэ къызэзыгъэпэщыну гукъыдэж зиIэ щIалэгъуалэм щхьэкIэ дерсхэр къызэрызэрагъэпэщым. Канунниковэ Татьянэ УФ-м лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ защIэгъэкъуэнымкIэ и министрыр щигъэгъуэзащ 2015 гъэм центрым ныкъуэдыкъуэхэм папщIэ лэжьыгъэ IэнатIэ 36-рэ къызэрызэригъэпэщам, абыхэм ящыщу 21-р къэрал IуэхущIапIэхэм ягъэуващ.

Урысейм и Пенсэ фондым Налшык щиIэ къудамэм и лэжьэкIэм Топилин Максим зыщыщигъэгъуазэм, IуэхущIапIэм и IэщIагъэлIхэм къыхагъэщащ цIыхухэм папщIэ электроннэ сервисыщIэ ягъэхьэзырын зэраухыр. Ар зэтраухуэмэ, псалъэм папщIэ, цIыхум къихь пенсэр зыхуэдизыр, абы зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр игъуэтамэ, зригъэщIэн щхьэкIэ Пенсэ фондым кIуэн хуейкъым, атIэ IуэхущIапIэм Интернетым щиIэ сайтым зыщригъэтхмэ, зыхуей псори абдеж къыщищIэфынущ. ХьэщIэр къащыхуэкIуэм ирихьэлIат Iуэху гуапэ - мыбдеж сертификатрэ саугъэтрэ щратащ иджыблагъэ сабиищ зэуэ къызыхэхъуа зэщхьэгъусэхэм - Гуохэ Залымрэ Альбинэрэ я унагъуэм.

Министрыр щыIащ Социальнэ страхованэмкIэ фондым, Сабий творчествэмкIэ «Дыгъэпс къалэ» академием. Топилин Максим республикэм щилъэгъуахэм зригъэгупсысахэмкIэ журналистхэм къадэгуэшащ.

- Шэч хэмылъу, нобэ сыздэщыIа IуэхущIапIэхэм я лэжьэкIэм арэзы сыкъуищIащ. Псом хуэмыдэу сигу ирихьащ иджырей технологиехэмкIэ гъэпса хадэхэкI хъумапIэр. УпщIэ куэд щыIащ къэралым и мэкъумэш IэнатIэр къэIэтыжа зэрыхъунум епхауэ, арщхьэкIэ иджы нэрылъагъуэщ зыужьыныгъэм и гъуэгум теувахэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэращыщыр. Ауэ къыхэзгъэщыну сыхуейт абдеж укъыщыувыIэж зэрымыхъунур. Къэбгъэлъагъуэмэ, хамэ къэрал къэрашыр дэ къыщIэдгъэкIхэмкIэ зэтхъуэкIыныр и кIэм тхунэгъэсыну къыщIэкIынщ, апхуэдэурэ екIуэкIмэ. «Дыгъэпс къалэми», дауи, гулъытэ хэха хуэщIыпхъэщ. Сэ зэрысщIэмкIэ, апхуэдэ еджапIэ щIыналъэ закъуэтIакъуэщ здэщыIэр икIи абы хуэзгъэдэн нэгъуэщI зыщIыпIи сыщрихьэлIакъым. Ауэ тэмэму кIэлъыплъын хуейуэ къысщохъу ныбжьыщIэхэм абдеж щагъуэтыну щIэныгъэм, нэгъуэщIу жыпIэмэ егъэджакIуэ, гъэсакIуэ нэхъыфIхэр къегъэблэгъэн хуейщ. Езы цIыкIухэм я гугъу пщIымэ, сэ абыхэм гукъыдэжышхуэ ядэслъэгъуащ икIи щIэблэ узыншэ дызэриIэнум шэч къытесхьэркъым.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий УФ-м лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ защIэгъэкъуэнымкIэ и министрым фIыщIэ хуищIащ республикэм къызэрытхуеблэгъам папщIэ, апхуэдэуи къыхигъэщащ ар ди дежкIэ пщIэшхуэу зэрыщытыр.

- Шэч хэмылъу, нобэ дызытепсэлъыхьа Iуэхугъуэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ Къэбэрдей-Балъкъэрми Кавказ Ищхъэрэм и адрей щIыналъэхэми я дежкIэ. Псом хуэмыдэу ди зэпсэлъэныгъэр теухуауэ щытащ цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэща зэрыхъуну щIыкIэхэм. Куэд щIауэ дызыгъэпIейтейхэм, дызэгугъухэм ящыщщ лэжьапIэншэхэм я бжыгъэр гъэмэщIэныр. СызэригугъэмкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым иужьрей илъэсхэм щыдухуа, къыщызэIутха IуэхущIапIэхэри а Iуэхум и хэкIыпIэхэм ящыщ зы хъуащ. АдэкIи апхуэдэ лэжьэкIэм дытетыну ди мурадщ, - къыхигъэщащ Мусуковым.

ЛэжьапIэншагъэм пыщIа гугъуехьхэр къызэнэкIа хъуным зэреплъыр къыщигъэлъагъуэм Топилин Максим жиIащ: «Сэ къызэрыслъытэмкIэ, цIыхум щIэныгъэ ептыныр мащIэщ, ебгъэджам IэщIагъэлI нэс къыхэпщIыкIын хуейщ. Псалъэм папщIэ, «юрист куэд диIэщи, а IэщIагъэр зэзыгъэгъуэтахэм лэжьапIэ щIэдмыгъуэтыр ращ» жаIэнущ. Псом япэу, сэ сызэреплъымкIэ, абы IэнатIэ щIимыIэр а IэщIагъэм хуэфэщэн щIэныгъэ игъуэтакъыми ращ. ЖысIэну сызыхуейращи, еджакIуэхэм щIэныгъэфI еттыныр ди къалэн нэхъыщхьэщ».

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**



# ЩIалэгъуалэр зочэнджэщ

• КъБР-м и Парламентым

**КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэр иджыблагъэ ныбжьыщIэхэм яIущIащ, я лэжьыгъэм яхутепсэлъыхьащ. ЗэIущIэр къызэрагъэпэщащ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэр илъэси 110-рэ зэрырикъум теухуауэ. Ар ирагъэкIуэкIащ КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Коротких Ольгэ, депутат Нэзрэн Беслъэн, ЩIалэгъуалэ палатэм и унафэщI Шестирублёв Сергей сымэ.**



ЩIАЛЭГЪУАЛЭМ мы гъэм курыт школ къэзыухыну куэд яхэтти, яфIэгъэщIэгъуэну щIэупщIащ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъуэтмэ, я IэщIагъэмкIэ лэжьыгъэ ягъуэтын-ямыгъуэтыным, депутат хъун папщIэ ящIэн хуейм, хэхыныгъэхэр зэрекIуэкIым, нэгъуэщI куэдми.

Нэзрэн Беслъэн кIэщIу тепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентым и тхыдэм, абы щекIуэкI лэжьыгъэм.

ЕджапIэ нэхъыщхьэ къэзыухам лэжьапIэ игъуэтыным теухуауэ щыIэ къэрал программэхэм депутатыр тепсэлъыхьащ. Щапхъэу къиихьащ щIалэгъуалэм щIэгъэкъуэныфI яхуэхъу «Къуажэ дохутыр» программэр.

КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм зэрыхыхьэ щIыкIэм, абы хэтхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм тепсэлъыхьащ Шестирублёв Сергей.

- ЩIалэгъуалэ палатэр хущIокъу республикэм и зыужьыныгъэр зэпха Iуэхугъуэхэм ныбжьыщIэхэри къыхишэным. Ди зэхуэсхэм дыщытопсэлъыхь ахэр зыгъэпIейтей Iуэхухэм, езы щIалэгъуалэм я къэухьым зэрыхэдгъэхъуэным долэжь. Псалъэм папщIэ, нэгъабэ Урысей псом щекIуэкIа «Тотальный диктант» Iуэхум дэри дыхэтащ. Мы гъэми абы щыпытщэну ди мурадщ Прохладнэ, Тырныауз, Шэджэм, Лэскэн къалэхэм. Дэ диIэщ уузыншэн папщIэ узэрыщытыпхъэр ныбжьыщIэхэм ягурызыгъаIуэ лэжьакIуэ гуп. Спорт зэхьэзэхуэхэм, щэнхабзэ зэхыхьэхэм жыджэру дыхэтщ. Абыхэм ящыщ зыщ КIыщокъуэ Алим теухуауэ Шэджэм къалэм щедгъэкIуэкIа усыгъэ пшыхьыр», - жиIащ КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм и унафэщIым.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

• Мэкъумэш IэнатIэм

# Гъатхасэр йокIуэкI

**КъБР-м и мэкъумэш IуэхущIапIэхэм гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэр яублащ.**

МЫ ЗЭМАНЫМ ирихьэлIэу гъатхасэу гектар минищым нэс хасащ. Ар псори зэхэту хасэн хуейм и процент 19,5-м ноблагъэ.

Къапщтэмэ, мы гъэм гъатхасэ хьэпцIийм гектар 830-рэ, былым къэбыстэм (рапсым) - 550-рэ, джэш щхъуантIэм - 500, зэнтхъым (овёсым) - 600 хухахащ.

Республикэм и мэкъумэшыщIэхэр ди щIыналъэм къыщагъэкIа жылапхъэхэмкIэ хъарзынэу къызэгъэпэщащ. Гъатхасэм псори зэхэту ихьынущ жылэу тонн мини 6,75-рэ. Вэн-сэныр накъыгъэм и 10 - 15-хэм ирихьэлIэу зэфIагъэкIынущ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# Къуажэр гъэкъэбзэным пащэ

• Аруан щIыналъэ

**Старэ Шэрэджым щыпащэ къуажэр гъэкъэбзэным теухуа лэжьыгъэм.**

ХАБЗЭМ къемызэгъ пхъэнкIийдзыпIэхэр гъэсеиным, щхъуантIагъэхэр хэсэным, уэрамхэм я теплъэр егъэфIэкIуэным сыт щыгъуи я нэIэ тетщ къуажэ администрацэм и лэжьакIуэхэмрэ депутатхэмрэ. Къапщтэмэ, илъэс кIуам мы щIыпIэм кIэрыхубжьэрыху зэхуэхьэсыпIэу 15-м нэблагъэ щагъэкъэбзащ. Ауэ «Коммунсервис» фирмэм и Iуэхутхьэбзэхэр къэзымыгъэсэбэп унагъуэ 400-м я зэран куэдым йокI. Мыбыхэм пхъэнкIийр псы Iуфэхэм щрадз, кIэрыхубжьэрыхухэр уэрамхэм щызэтралъхьэ. ИужькIэ абы ахъшэ тригъэкIуадэу администрацэм и къарукIэ игъэкъэбзэн хуей мэхъу.

Къуажэдэсхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным зэран хуэхъу апхуэдэ ныкъусаныгъэхэр гъэзэкIуэжыным мы гъэми я зэфIэкI ирахьэлIэнущ. Абы къыдэкIуэу елэжьынущ гъуэгухэмрэ Шэрэдж псы Iуфэр гъэбыдэнымрэ.

**ЖАНХЪУЭТ Зузэ.**




## ЦIыху куэд хэкIуэдащ

**Бельгием и къалащхьэ Брюссель и аэропортымрэ метромрэ дыгъуасэ теракт щалэжьащ. Кхъухьлъатэм итIысхьэн ипэкIэ цIыхухэм я дэфтэрхэр къыщапщытэ, я рейсым и чэзур къыщысынум щыпэплъэ залым лагъымитI, къалэ метром зы къыщагъэуащ.**

ЗэкIэ къызэратамкIэ, кхъухьлъатэ телъэтыкIыпIэм цIыху 14, метром цIыху 20 щыхэкIуэдащ. ЦIыху щитIым щIигъу уIэгъэ хъуащ, абыхэм ящыщ тIощIым нэблагъэр хьэлъэ дыдэщ. Фэбжь зыгъуэтахэм щакIэлъоплъ къалащхьэмрэ абы пэгъунэгъу жылэхэмрэ я сымаджэщ 25-м.

Къэхъуар зэхэзыгъэкIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, щIэпхъаджащIэхэм къагъэуа лагъымхэм ящыщ зыр пхъуантэм дэлъу аэропортым щIашащ. Видеокамерэхэм къагъэлъэгъуахэр я лъабжьэу, а цIыхугъэншагъэр ялэжьауэ шэч хуащI Белоруссием щыщ цIыхухъуищым.

«Апхуэдиз цIыху зыхэкIуэда теракт ди деж нэхъапэм зэи къыщыхъуакъым. Ди цIыхухэм гущIыхьэ ящыхъуащ абы апхуэдиз псэдзыгъэ къызэришар, - жиIащ Бельгием нэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ и министр Жамбон Жан. - Ди къэралыр махуищкIэ яхуэщыгъуэнущ нобэ къэхъуа гузэвэгъуэм хэкIуэдахэм».

ЦIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныр зи къалэнхэм ялъэкI къагъанэркъым щытыкIэр нэхъыкIэ мыхъун папщIэ. Къалэдэсхэм жраIащ я унэхэм зэкIэ къыщIэмыкIмэ зэрынэхъыфIыр, сакъынуи къыхураджэ. Къэралым щылажьэ АЭС-хэм (ахэр блы мэхъу) ятеуэнкIэ зыхуэIуа зэрыщымыIэр къалъытэри, станцхэм хъумакIуэхэр тIуащIэ-щащIэу кърагъэувэкIащ.

## Налогым хэгъэхъуэным и телъхьэхэр

**Нью-Йорк щыпсэухэм ящыщ цIыху 40-м, зи мылъкур доллар мелардым щIигъухэм, къыхалъхьа жэрдэмым куэд къигъэуIэбжьащ: абыхэм налог нэхъыбэ ятыну я мурадщ. ЗэрыжаIэмкIэ, я къэралым и экономикэм зегъэужьыным апхуэдэ щIыкIэкIэ сэбэп хуэхъуну хуейуэ ращ ахэр.**

Доллар мелуан къэзылэжьахэм иджыпсту налогыу ятыр проценти 8,82-рэщ. ЖэрдэмщIакIуэ гупым езыхэм яубзыхуащ къулейхэм я мылъкум налог зэрыхагъэкIыну щIыкIэр. ИщхьэкIэ зи гугъу щытщIа налогым хуэдиз зытынур зи хэхъуэр доллар мелуанитI фIэкIа мыхъухэрщ. Доллар мелуани 2-м къыщыщIэдзауэ мелуанипщIым нэсыху къэзылэжьхэм мазэм ятын хуейщ процента 9,35-рэ. Нэхъ къулейхэм налогыу ятынури нэхъыбэщ: доллар мелуани 10 - 100 зиIэхэм процента 9,65-рэ, доллар мелуанищэм щIигъу къызыхэхъуэхэм налогыу къэралым иратыну зыхуагъэувыж процента 9,99-рэ.

Налогхэр нэхъыбэу тыныр къыхэзылъхьахэм дуней псом щыцIэрыIуэ Рокфеллер унэцIэр зезыхьэхэм ящыщи зэрахэтри ягъэщIагъуэ.

**Зыгъэхьэзырар ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

НОБЭ

♦**Метеорологием и дуней псо махуэщ**

♦**Урысейм и Гидрометеорологие IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦**1891 гъэм** футболым япэ дыдэу къыщагъэсэбэпащ гъуэхэм Iуалъхьэ хъарыр. Топыр гъуэм дэкIа нэужь ар жыжьэ мылъеин щхьэкIэ хъархэр Iуалъхьауэ щытащ Инджылызым и Ищхъэрэ, Ипщэ щIыналъэхэм я командэхэр щызэдэджэгум.

♦Совет кхъухьлъатэзехуэ цIэрыIуэ, авиацэм и генерал-майор, Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр япэу зыфIаща гупым яхэта **Ляпидевский Анатолий** къызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.

♦Шапсыгъ лъэпкъым къыхэкIа, Совет Союзым и ЛIыхъужь **Ацумыжь Айдэмыр** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

♦Зеикъуэ къуажэм щIыхь зиIэ и цIыху, IуэрыIуатэдж **ХьэфIыцIэ Мусэбий** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и юрист, юстицэмкIэ 2-нэ класс зиIэ къэрал чэнджэщэгъу **Абазэ Руслан** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущIэ, УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Улюкаев Алексей** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 14, жэщым градуси 5 - 6 щыхъунущ.

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Хьэр делэ хъумэ, зейми йодзэкъэж.**

# Экзаменхэр нэхъ пасэу къеIыхыным щIадзащ

**Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр нэхъ пасэу къыщыIах лъэхъэнэр щрагъажьэ махуэм, гъатхэпэм и 21-м, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Емуз Нинэ щыIащ экзаменхэм нэхъ пасэу къыIах я Iыхьэхэр щрагъэкIуэкIын папщIэ Налшык къалэм дэт курыт еджапIэ №25-м къыщызэIуаха пунктым икIи абы къекIуэлIахэм ехъуэхъуащ щIэныгъэ куу къагъэлъэгъуэну.**

НЭХЪ пасэу къыIах экзаменхэр математикэмкIэ а махуэм ятащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу цIыху 12-м. Ахэр псори нэхъ япэкIэ курыт еджапIэхэм къыщIэкIахэрщ. Экзаменхэр тэмэму екIуэкIащ. Ахэр мы гъэм къызэрыIах щIыкIэм зэхъуэкIыныгъэ щхьэхуэхэр халъхьащ.

Мыпхуэдэ экзаменхэр Урысейм и щIыналъэ псоми къыщыIах. Егъэджэныгъэм и IэнатIэм щыкIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм къызэритамкIэ, Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр нэхъ пасэу ирагъэтыну щIэлъэIуащ цIыху мин 19-м нэблагъэ. Абыхэм мы гъэм курыт еджапIэхэр къэзыуххэм ящыщу 1500-рэ яхэтщ. Къэбэрдей-Балъкъэрми Урысей Федерацэм и адрей щIыналъэхэми экзаменхэр щыщрагъэкIуэкIкIэ щIэсынущ федеральнэ инспекторхэр, федеральнэ жылагъуэ кIэлъыплъакIуэхэр, Егъэджэныгъэм и IэнатIэм щыкIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и лэжьакIуэхэр.

МатематикэмкIэ экзаменхэр къызыIахахэм абы кърикIуахэр мэлыжьыхьым и 4-м фIэмыкIыу къащIэнущ. Нобэ республикэм щокIуэкI тхыдэмкIэ, информатикэмрэ ИКТ-мкIэ экзаменхэр. Экзаменхэр тхыдэмкIэ цIыху 65-м, информатикэмрэ ИКТ-мкIэ цIыхуи 2-м ят.

**НЫБЭЖЬ Таисие.**



● КъБР-м и Парламентым

# Зэреджэну тхылъхэр яхурикъуркъым

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зэIущIэм щедэIуащ 2013 - 2020 гъэхэм ятещIыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэм зыщегъэужьыныр» къэрал программэм зэреджэ тхылъхэр къэщэхуным хухах ахъшэм теухуа и Iыхьэр зэрагъэзащIэр къызэрапщытам кърикIуахэм я IуэхукIэ КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм ищIа отчетым.**

АДЭКIЭ къыщыпсалъэм БюджетымкIэ, налогхэмкIэ, финансхэмкIэ комитетым и унафэщI АфэщIагъуэ Михаил къыхигъэщхьэхукIащ зэIущIэм къыщаIэта Iуэхум мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Абы зэрыжиIамкIэ, къэпщытэныгъэхэр муниципальнэ районищым щрагъэкIуэкIащ икIи абыхэм япкъ иткIэ зэрыщыту республикэм щыIэ щытыкIэр къыбгурыIуэну гугъукъым.

КъБР-м Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и аудитор Пэжь Мухьэмэд къигъэлъэгъуащ Бахъсэн, Шэрэдж, Май муниципальнэ районхэм сабийхэр зэреджэну тхылъхэмкIэ къызэгъэпэщыным и лъэныкъуэкIэ никъусаныгъэ пыухыкIахэр зэрыщыIэр.

- Тхылъхэр жьы зэрыхъур, зэрызэфIэтхъыр къыумылъытэу убгъэдыхьэми, еджапIэхэм хухах ахъшэр жыжьэуи урикъуркъым сабийхэр зэреджэну тхылъхэмкIэ пщIэншэу къызэрагъэпэщын папщIэ, - жиIащ абы.

Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ Инжыжокъуэ Сэфарбий и информацэи къызэрыхэщамкIэ, тхылъхэмкIэ пщIэншэу къызэрагъэпэщын хуейуэ республикэм щыIэ сабийхэм ящыщу зэреджэну тхылъхэр пщIэншэу зыIэрыхьэр процент 54,5-рщ.

ЗэIущIэм хэтахэм мы IэнатIэм щыIэ нэгъуэщI ныкъусаныгъэ зыбжанэми я гугъу ящIащ. Къапщтэмэ, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим жиIащ:

- Зэрырагъаджэ хъуну тхылъхэм я спискэр зэхэзылъхьэр федеральнэ центрыр араци, а спискэр абы гъэ къэс ехъуэж. Абы къыхэкIыу псоми я къару зэхэлъкIэ къызэрагъэпэщурэ школхэм я библиотекэхэм ират тхылъхэм я нэхъыбэм къыкIэлъыкIуэ гъэм зыри хуэмеижу къыщIокI.

Мы Iуэхум зэрыбгъэдыхьэпхъэу къилъытэм тепсэлъыхьащ Налшык дэт курыт еджапIэ №9-м и унафэщI, КъБР-м и Парламентым и депутат Коротких Ольгэ. Абыи къыхигъэщхьэхукIащ зэрегъэджапхъэ тхылъхэм я спискэр федеральнэ центрым щIэх-щIэхыурэ зэрихъуэжыр, а щхьэусыгъуэм къыхэкIыу сабийхэм ирикъуу тхылъхэр зэрырамытыфыр, уеблэмэ, а мурадым папщIэ къаутIыпщ ахъшэри тэмэму къазэрыхуэмыгъэсэбэпыр. Апхуэдэу ар тепсэлъыхьащ электрон тхылъхэр къагъэсэбэпыну зэрамурадам къэрикIуахэм.

- А гъэунэхуныгъэр едгъэкIуэкIыу щIэддза иужь электрон тхылъхэм я пIэкIэ сабийхэм «айпадхэмрэ» «айфонхэмрэ» яIыгъыу къакIуэу икIи щыхуей дыдэм деж Интернетым ихьэу щIадзащ. Абы къыхэкIыу езыхэр зэгупсысын хуей Iуэхухэм зрамыгъэлIалIэу жэуап псори Интернетым къыщагъуэтырт. АтIэми адэ-анэр игъэпIейтейрт электрон тхылъхэр зэпымыууэ къэгъэсэбэпыным сабийхэм я нэр игъэузынкIэ зэрыхъунум.

КъБР-м и Парламентым и депутат, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я лэжьакIуэхэм я профсоюзым и республикэ комитетым и унафэщI Карныш Сергей къыхилъхьащ электрон тхылъхэр къэгъэсэбэпыным иджыри зэ хэплъэжын хуейуэ. Абы папщIэ псоми яхуэгъэувыпхъэщ нэгъуэщI гаджетхэр къэзымыгъэсэбэпыф электрон тхылъхэм фIэкI къамыщэхуну. Абы ахъшэр къыдигъэхуэнущ, федеральнэ центрым къигъэувхэм тету лэжьэну еджапIэхэми яхузэфIэкIынущ.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Бозий Натбий жиIащ мы IэнатIэм щыIэ гугъуехьхэр дэгъэкIыным хуэунэтIауэ законодательствэр егъэфIэкIуэнымкIэ къыхалъхьэ сыт хуэдэ Iуэхугъуэми хэплъэну Парламентыр зэрыхьэзырыр.

А псоми къадэкIуэу зэIущIэм щыжаIащ 2013 - 2020 гъэхэм ятещIыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэм зыщегъэужьыныр» къэрал программэм тхылъхэр къэщэхуным хухах ахъшэм теухуа и Iыхьэм хэплъэжын хуейуэ къызэралъытэр.

ЗэIущIэм къыщапсэлъахэм япкъ иткIэ зыхуэфащэ IэнатIэхэм яхуэгъэза чэнджэщ пыухыкIахэр къащтащ.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

● ХъыбарегъащIэ

# ЛэжьакIуэхэр къэщтэ

«Къэббалъкъавтотранс-1438» ГУП-м «унагъуэ такси» автоколоннэ къыщызэрагъэпэщын мурадкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым Транспортымрэ связымкIэ и къэрал комитетым, езы предприятэр щIыгъуу, рулым хуэIэзэу гъуэгу хабзэхэм фIыуэ хэзыщIыкI «Автоледи» цIыхубз шоферхэр къыхех (еджапIэм, гъэсапIэм, нэгъуэщI щIыпIэхэм сабийхэр шынагъуэншэу къыщрашэкIын папщIэ).

Зыхуей документхэр: автомашинэр зэрызэригъакIуэ тхылъымрэ лэжьыгъэ (трудовая книжка) тхылъымрэ я копиехэр.

Фызэрыпсэлъэну телефоныр: **8(8662) 77-83-05**.

«Къэббалъкъавтотранс-1438» къэрал предприятэ зэхэтым къэщтэ:

Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм и муниципальнэ (къалэ), и муниципальнэ зэхуаку гъуэгухэм щылэжьэн папщIэ, цIыхухэр кърашэкIыну хуит зыщI «Д» категорием и тхылъ зиIэ шоферхэр;

и IэщIагъэм илъэсищ мынэхъ мащIэ ирилэжьауэ профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ юрист.

«Къэббалъкъавтотранс-1438» къэрал предприятэ зэхэтым Налшык къалэм и автовокзал №1-м и псэуалъэ нэщIхэр бэджэнду ет.

Телефоныр: **77-83-05**.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партым и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Къалмыкъ Марат Альфред и къуэм етыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

***2016 гъэм гъатхэпэм и 14-м*** ***Налшык къалэ***

***№131/1-5***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутат, «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партым и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам хэту хаха Бирюк Александр Сергей и къуэм и полномочиехэр нэхъ пасэу къызэрагъэувыIам къыхэкIыу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и IуэхукIэ» 2008 гъэм шыщхьэуIум и 5-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Iыхьэ 5-м ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партым и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Къалмыкъ Марат Альфред и къуэм (№10) етын.
2. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм «Интернет» информацэ-телекоммуникацэ сетым щиIэ сайтым илъхьэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI**
**ДЖЭШ Вячеслав**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и секретарь**
**ДЖАППУЕВ Муссэ**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутат Къалмыкъ Марат Альфред и къуэр тхыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

***2016 гъэм гъатхэпэм и 14-м*** ***Налшык къалэ***

***№131/2-5***

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партым и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Къалмыкъ Марат Альфред и къуэм етыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм 2016 гъэм гъатхэпэм и 14-м къищта унафэ №131/1-5-м ипкъ иткIэ икIи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и IуэхукIэ» 2008 гъэм шыщхьэуIум и 5-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Iыхьэ 3-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутат Къалмыкъ Марат Альфред и къуэр тхын.
2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутату ятхам зэрыхахамкIэ удостоверенэр етын.
3. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм «Интернет» информацэ-телекоммуникацэ сетым щиIэ сайтым илъхьэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI**
**ДЖЭШ Вячеслав**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и секретарь**
**ДЖАППУЕВ Муссэ**

**Прохладнэ муниципальнэ районым и къуажэ муниципальнэ щIыналъэхэм я хэхакIуэ комиссэхэм я полномочиехэр Прохладнэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

***2016 гъэм гъатхэпэм и 14-м*** ***Налшык къалэ***

***№131/3-5***

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 24-нэ статьям и пункт 4-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 1-нэ статьям и Iыхьэ 4-м япкъ иткIэ икIи Прохладнэ муниципальнэ районым и Алътуд, Благовещенкэ, Дальнэ, Заречнэ, Къэрэгъэш, Красносельскэ, Малакановскэ, Новэ-Полтавскэ, Прималкэ, Пролетарскэ, Псыншокъуэ, Екатериноградскэ станицэ, Приближнэ станицэ, Солдатскэ станицэ, Советскэ, Ульяновскэ, Учебнэ, Черниговскэ, Янтарнэ къуажэ щIыналъэхэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ я советхэм къагъэхьа тхыгъэхэм япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Прохладнэ муниципальнэ районым и Алътуд, Благовещенкэ, Дальнэ, Заречнэ, Къэрэгъэш, Красносельскэ, Малакановскэ, Новэ-Полтавскэ, Прималкэ, Пролетарскэ, Псыншокъуэ, Екатериноградскэ станицэ, Приближнэ станицэ, Солдатскэ станицэ, Советскэ, Ульяновскэ, Учебнэ, Черниговскэ, Янтарнэ къуажэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я полномочиехэр Прохладнэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етын.
2. Мы унафэр Прохладнэ муниципальнэ районым и къуажэ щIыналъэхэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ я советхэмрэ Прохладнэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэмрэ яхуегъэхьын.
3. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм «Интернет» информацэ-телекоммуникацэ сетым щиIэ сайтым илъхьэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI**
**ДЖЭШ Вячеслав**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и секретарь**
**ДЖАППУЕВ Муссэ**

**Тэрч муниципальнэ районым и къуажэ муниципальнэ щIыналъэхэм я хэхакIуэ комиссэхэм я полномочиехэр Тэрч щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

***2016 гъэм гъатхэпэм и 14-м*** ***Налшык къалэ***

***№131/4-5***

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 24-нэ статьям и пункт 4-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 1-нэ статьям и Iыхьэ 4-м япкъ иткIэ икIи Тэрч муниципальнэ районым и Тэрч къалэ, Арыкъ, Белоглинскэ, Акъбащ Ипщэ, Курп Ипщэ, Дей, Джулат, Инарыкъуей, Интернациональнэ, Красноармейскэ, Курп Ищхъэрэ, Новэ Балъкъэр, Ново-Хьэмидей, Плановскэ, Тамбовскэ, Терекскэ, Урожайнэ, Хьэмидей къуажэ щIыналъэхэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ я советхэм къагъэхьа тхыгъэхэм япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Тэрч муниципальнэ районым и Тэрч къалэ, Арыкъ, Белоглинскэ, Акъбащ Ипщэ, Курп Ипщэ, Дей, Джулат, Инарыкъуей, Интернациональнэ, Красноармейскэ, Курп Ищхъэрэ, Новэ Балъкъэр, Ново-Хьэмидей, Плановскэ, Тамбовскэ, Терекскэ, Урожайнэ, Хьэмидей къуажэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я полномочиехэр Тэрч щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етын.
2. Мы унафэр Тэрч муниципальнэ районым и къуажэ щIыналъэхэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ я советхэмрэ Тэрч щIыналъэ хэхакIуэ комиссэмрэ яхуегъэхьын.
3. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм «Интернет» информацэ-телекоммуникацэ сетым щиIэ сайтым илъхьэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI**
**ДЖЭШ Вячеслав**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и секретарь**
**ДЖАППУЕВ Муссэ**

**Шэрэдж муниципальнэ районым и къуажэ муниципальнэ щIыналъэхэм я хэхакIуэ комиссэхэм я полномочиехэр Шэрэдж щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

***2016 гъэм гъатхэпэм и 14-м*** ***Налшык къалэ***

***№131/5-5***

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 24-нэ статьям и пункт 4-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 1-нэ статьям и Iыхьэ 4-м япкъ иткIэ икIи Шэрэдж муниципальнэ районым и Къэщкъэтау къалэм, Аушыджэр, Бабугент, Безенги, Балъкъэр Ипщэ, Жэмтхьэлэ Ипщэ, Жэмтхьэлэ, Джэрпэджэж, Зэрэгъыж, Къарэсу къуажэ щIыналъэхэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ я советхэм къагъэхьа тхыгъэхэм япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Шэрэдж муниципальнэ районым Къэщкъэтау къалэм, Аушыджэр, Бабугент, Безенги, Балъкъэр Ипщэ, Жэмтхьэлэ Ипщэ, Жэмтхьэлэ, Джэрпэджэж, Зэрэгъыж, Къарэсу къуажэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я полномочиехэр Шэрэдж щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етын.
2. Мы унафэр Шэрэдж муниципальнэ районым и къуажэ щIыналъэхэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ я советхэмрэ Шэрэдж щIыналъэ хэхакIуэ комиссэмрэ яхуегъэхьын.
3. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм «Интернет» информацэ-телекоммуникацэ сетым щиIэ сайтым илъхьэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI**
**ДЖЭШ Вячеслав**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и секретарь**
**ДЖАППУЕВ Муссэ**

**Май муниципальнэ районым и къуажэ муниципальнэ щIыналъэхэм я хэхакIуэ комиссэхэм я полномочиехэр Май щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

***2016 гъэм гъатхэпэм и 14-м*** ***Налшык къалэ***

***№131/6-5***

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 24-нэ статьям и пункт 4-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 1-нэ статьям и Iыхьэ 4-м япкъ иткIэ икIи Май муниципальнэ районым и Майскэ къалэм, Ново-Ивановскэ, Октябрьскэ къуажэ щIыналъэ, Александровскэ станицэ, Котляревскэ станицэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ я советхэм къагъэхьа тхыгъэхэм япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Май муниципальнэ районым Майскэ къалэм, Ново-Ивановскэ, Октябрьскэ, Александровскэ станицэ, Котляревскэ станицэ, къуажэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я полномочиехэр Май щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етын.
2. Мы унафэр Май муниципальнэ районым и къуажэ щIыналъэхэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ я советхэмрэ Май щIыналъэ хэхакIуэ комиссэмрэ яхуегъэхьын.
3. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм «Интернет» информацэ-телекоммуникацэ сетым щиIэ сайтым илъхьэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI**
**ДЖЭШ Вячеслав**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и секретарь**
**ДЖАППУЕВ Муссэ**

**Шэджэм муниципальнэ районым и къуажэ муниципальнэ щIыналъэхэм я хэхакIуэ комиссэхэм я полномочиехэр Шэджэм щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

***2016 гъэм гъатхэпэм и 14-м*** ***Налшык къалэ***

***№131/7-5***

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 24-нэ статьям и пункт 4-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 1-нэ статьям и Iыхьэ 4-м япкъ иткIэ икIи Шэджэм муниципальнэ районым и Шэджэм къалэм, Шэджэм Ипщэ, Лашынкъей, Нартан, Шэджэм Ищхъэрэ, Звёзднэ поселкэ, Хъущтэ-Сырт, Шэджэм ЕтIуанэ, Щхьэлыкъуэ, Яныкъуей къуажэ щIыналъэхэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ я советхэм къагъэхьа тхыгъэхэм япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Шэджэм муниципальнэ районым и Шэджэм къалэм, Шэджэм Ипщэ, Лашынкъей, Нартан, Шэджэм Ищхъэрэ, Звёзднэ поселкэ, Хъущтэ-Сырт, Шэджэм ЕтIуанэ, Щхьэлыкъуэ, Яныкъуей къуажэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я полномочиехэр и Шэджэм щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етын.
2. Мы унафэр Шэджэм муниципальнэ районым и къуажэ щIыналъэхэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ я советхэмрэ Шэджэм щIыналъэ хэхакIуэ комиссэмрэ яхуегъэхьын.
3. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм «Интернет» информацэ-телекоммуникацэ сетым щиIэ сайтым илъхьэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI**
**ДЖЭШ Вячеслав**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и секретарь**
**ДЖАППУЕВ Муссэ**

**Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и къуажэ муниципальнэ щIыналъэхэм я хэхакIуэ комиссэхэм я полномочиехэр Дзэлыкъуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

***2016 гъэм гъатхэпэм и 14-м*** ***Налшык къалэ***

***№131/8-5***

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 24-нэ статьям и пункт 4-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 1-нэ статьям и Iыхьэ 4-м япкъ иткIэ икIи Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и Дзэлыкъуэкъуажэ къалэ щIыналъэм, Белокаменскэ, Дзэлыкъуэдэс, Зольскэ, Каменномост, Къамылыкъуэ, Чыщбалъкъ, Малкэ, Приречнэ, Псынэдахэ, Сэрмакъ, Светловодскэ, Совхознэ, Хьэбэз, Шордакъ, ЯтIэкъуэ къуажэ щIыналъэхэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ я советхэм къагъэхьа тхыгъэхэм япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и Дзэлыкъуэкъуажэ къалэ щIыналъэм, Белокаменскэ, Дзэлыкъуэдэс, Зольскэ, Каменномост, Къамылыкъуэ, Чыщбалъкъ, Малкэ, Приречнэ, Псынэдахэ, Сэрмакъ, Светловодскэ, Совхознэ, Хьэбэз, Шордакъ, ЯтIэкъуэ къуажэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я полномочиехэр Дзэлыкъуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етын.
2. Мы унафэр Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и къуажэ щIыналъэхэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ я советхэмрэ Дзэлыкъуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэмрэ яхуегъэхьын.
3. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм «Интернет» информацэ-телекоммуникацэ сетым щиIэ сайтым илъхьэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI**
**ДЖЭШ Вячеслав**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и секретарь**
**ДЖАППУЕВ Муссэ**

**Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и къуажэ муниципальнэ щIыналъэхэм я хэхакIуэ комиссэхэм я полномочиехэр Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

***2016 гъэм гъатхэпэм и 14-м*** ***Налшык къалэ***

***№131/9-5***

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 24-нэ статьям и пункт 4-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 1-нэ статьям и Iыхьэ 4-м япкъ иткIэ икIи Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и Тырныауз къалэ, Бедык, Былым, Бахъсэн Ипщэ, Гундэлэн, ЛашкIутIэ, Эльбрус къуажэ щIыналъэхэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ я советхэм къагъэхьа тхыгъэхэм япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и Тырныауз къалэ, Бедык, Былым, Бахъсэн Ипщэ, Гундэлэн, ЛашкIутIэ, Эльбрус къуажэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я полномочиехэр Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етын.
2. Мы унафэр Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и къуажэ щIыналъэхэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ я советхэмрэ Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэмрэ яхуегъэхьын.
3. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм «Интернет» информацэ-телекоммуникацэ сетым щиIэ сайтым илъхьэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI**
**ДЖЭШ Вячеслав**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и секретарь**
**ДЖАППУЕВ Муссэ**

ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

# Вагъуэхэмрэ мазэ ныкъуэмрэ

АНКАРА Тыркум и къалащхьэ кӯдейкъым, атIэ мэжджыт инхэм ящхьэщыт мазэ ныкъуэхэмкIэ уафэгум зыхуэзыIэт щыхьэрщ. Куэд уигу къегъэкI а муслъымэн дамыгъэм, куэдым урегъэгупсыс вагъуэмрэ мазэ ныкъуэмрэ зэрызэхьэлIам... Си щхьэм къищхьэрыуа гупсысэр пшагъуэ кIыфI щIыIэу псэм тегъуалъхьэу, аргуэру си нэгу къыщIэувэну къыщIэкIынт зи гъащIэр хамэщIым щыункIыфIа ди хэкуэгъу нэхъыжьхэр, ауэ зы тэлайкIэ щыма Айхьан, гуейщеин зэрыщIэздзэм гу лъита - псалъэмакъыр нэгъуэщIыпIэкIэ триIуэнтIэж хьисэпу, къэпсэлъащ:

- Пщыхьэщхьэ дахэщ ныщхьэбэ, зэкъуэшитI зэхуэзам Алыхьыр къытхуэупса пэлъытэщ.

Пэжу, дахэт пщыхьэщхьэр. Анкара и щыгур щымт, уафэгу къабзэм щыблэ вагъуэхэр къызэрыщ псы щхьэфэ уэмым хуэдэу. Нурыр къыIурихырт мазэ къыщIэкIагъащIэми. Вагъуэхэр пщIыпщIырт, я къарукIэ зэрызэхуэмыдэр белджылыуэ. Асыхьэтым уэгум къыIэпыхуа вагъуэ закъуэр, щIым къыхуеIэ щIыкIэу къэлъейри, ункIыфIащ. Ар вагъуэиж жыхуаIэу дызэрыцIыкIу лъандэрэ зи гугъу къытхуащIырт. Нэхъыжьхэм жаIэрт цIыху къэс езым и вагъуэ уафэгум щиIэжу, икIи ар дунейм щехыжым деж и вагъуэри ижу, ауэ иджыпсту сэ шэс сихьэфынут ар мыпэжу. Си гупсысэр вагъуэхэм яхэбжьэхьуат, Айхьан и псалъэм пэздзыжынIа зэрыхуейр сщыгъупщэжауэ. А дакъикъэхэм сигу къэкIащ мыр: пэжщ, мы щIылъэм куэд щолIэ, ауэ къызэрымыкIуэу цIыхуфIу, зи гъащIэри зи гуащIэри бэм хуэзыгъэлэжьа цIыху угъурлыуэ, цIыхушхуэу, ауэ дауэ пхужыIэн апхуэдэм и вагъуэр ижу. Апхуэдэр лIэркъым. Апхуэдэр дунейм ехыжми, кIуэдыркъым, атIэ вагъуэщIэу уэгум къоувэж, алъандэрэ игъэдэха, иIэта щIыгум щхьэузыхь хуищIа и гъащIэр вагъуэм хуэкIуэжауэ.

Дэтхэнэ зы къэралыгъуэми ещхьу, тырку уафэми къыщоблэ апхуэдэ вагъуэ куэд. Абыхэм яхэтщ адыгэ вагъуэхэу хамэ уэгум зыщызыIэтахэри.

## Лъабжьэ быдэ

ПШАПЭР зэхэуэу цIыхухэр зэгъэжа нэужьи, куэдрэ блэрт Аданэ къалэм щыщ унагъуэ гуэрым и зы щхьэгъубжэ. Адэмрэ къуэмрэ яку дэлъ лъагъуныгъэр нэхъри щIигъэбыдэжырт а тIум егъэлеяуэ музыкэр фIыуэ зэралъагъум. Езэши шхэи Iуэхум къыхэмыхьэу ахэр куэдрэ щысыфынут музыкэм ехьэлIа Iуэхухэм ирипсалъэу, макъамэ зэхалъхьэу. «Адэ зэращI къуэ иращIыкI» псалъэжьыр нэрылъагъу щыхъуат мы зэадэзэкъуэм я деж, ауэ иухатэкъым а тIум гу зэщахуэну...

Къулыкъу хьарзынэ иIэт адыгэлI Хъуршыд - адэм. Ар министру щылажьэрт сулътIан Абдул-Хьэзиз и деж. Хабзэншагъэмрэ гущIэгъуншагъэмрэ зигу темыхуэхэм ящыщт Хъуршыд. Арауэ къыщIэкIынут щхьэусыгъуэ хуэхъуари, Истамбыл ирагъэбгынэу, Аданэ зэрыIэпхъуам. Хэхэс гъащIэм и дыджагъыр къанэ щымыIэу абы игъэунэхуащ. Зэхэзехуэн ящIу, тыншыгъуэ кърамыту Хъуршыд и дунейр ихьырт, ауэ а псом щхьэкIэ къимыгъанэу, абы хузэфIэкIырт и къуэр цIэрыIуэ зэрыхъуну гъуэгу пэжым тригъэувэн.

Пщыхьэщхьэ гуэрым Хъуршыд гувауэ унэм къыщIыхьэжат. Абы и гугъэт сыт щыгъуи къыпэплъэу щыс и гурыфIыгъуэр - и щIалэр - къыпежьэу зыкъыпщIэхидзэну, арщхьэкIэ пэшыр Iэуэлъауэншэт: Мухьлис тежеят макъамэ къызригъэкI Iэмэпсымэм. Анэ куэщI тыншым илъу Iуриха фIэкI умыщIэну, IэфI дыдэу жейрт ар. Хэт ищIэн а дакъикъэм абы пщIыхьэпIэ гуэрхэр и нэгу щIэкIами, музыкант цIэрыIуэ зэрыхъунум ехьэлIа гупсысэхэм я щIэдзапIэм дэхъуэпсIыу, къыхэскIыкIами, ауэ а гъуазджэ лIэужьыгъуэм итхьэкъуат сабийр, ар абы и лъым хэту къалъхуат, ар абы и гъащIэ хъунут.

Уз бзаджэ къеуэлIауэ пIэм хэлът Хъуршыд. Абы и нэгу къыщIэувэжырт и гъащIэм щыщ пычыгъуэхэу гуныкъуэгъуэкIэ шыуахэр, гущIэм щыщIэтIысыкIа хьэзабхэр. Зэхэзехуэн ящI зэпытурэ хамэщIым и гущIыIагъыр зыгъэва цIыхур щыщтэртэкъым ажалым, ар абы хуэхьэзырт.

ТIэкIу дэкIмэ Хъуршыд и напIэр зэтрипIэнут, тIэкIу дэкIмэ зы псэкIэ нэхъ мащIэ хъунут мы дуней хъурейм цIыхуу тетыр, ауэ ар гужьейртэкъым, адыгэлIым хэлъ хабзэ шыIэныгъэр щыбелджылыт абы и деж. Ауэ а лIым иIэт зыхунэмысауэ, къехъулIэнуи имыуха зы мурад дахэ. Мис ар игу къыщIитхъырт Хъуршыд. Аргуэру и нэгу къыщIэувэжащ и щхьэгъусэм жриIауэ щыта мурад щхур:

- Си нысэфI (арат ар и фызым зэреджэр), Мухьлис илъэс пщыкIутI зэрыхъуу Мэзкуу згъэкIуэнущ музыкэм щыхуезгъэджэну икIи абы иужькIэ зэи къремыхьэж мы тырку щыналъэм. Щрепсэу ар адэжь хэкум...

«Гугъэр адэжь щIэиныфIщ» жызыIам пцIы иупсакъым. Мухьлис илъэси 8 ирикъуатэкъым, Драмэ къалэм яхуа унагъуэм къащхьэщыт я адэр лIэуэ щIалъхьэжам. Ауэ щIалъхьэжар Хъуршыд и закъуэтэкъым, атIэ абы щIыгъуу къэгъазэ имыIэу кIуэдат мурад нэху иIахэри.

ИужькIэ зэанэзэкъуэр мэIэпхъуэ Салоники алыдж къалэм. Мухьлис и ныбжьыр илъэс пщыкIузым иту и япэ дыдэ макъамэр етх. ИлъэсиплI дэкIри, и анэм и лъэIукIэ абыхэм 1904 гъэм Истамбыл псэупIэ ящI. Мыращ щIалэщIэм и лъэкIыныгъэхэр къыщытIэпIар: гъуазджэ адэм хухиса «жылэр» узыншэт икIи куэдкIэ узыгъэгугъэт. Ар Истамбыл музыкэ еджапIэм щыщIотIысхьэ икIи фIы дыдэу къеух.

Хъуршыд ишэча хьэзаб псом пэджэж пэлъытэу, 1908 гъэм илъэс 19-м ит щIалэм политикэм зрет. Мухьлис зрегъащIэ франджыбзэ икIи журналист IэщIагъэ зрегъэгъуэт, арщхьэкIэ пэжыр хэутэн щащI, пцIым гъащIэ щрат капиталист дунейм куэдрэ щагъэбэуакъым ар хьэуа хуиткIэ - хьэпсым ирадзэ. ЩIопхъуэжри, Европэм макIуэ. Ауэ унагъуэр зи псэм къыщIитхъ щIалэм къилъыхъуэу щIедзэ абы гъунэгъу зэрызыхуищIыжын гъуэгу, арыншами Сэбэхьэддиным Тыркум игъэзэжыным хуэлажьэхэр мащIэтэкъым. Арати, къигъэзэжыну хуит ящIри, ар Истамбыл пэгъунэгъу къуажэ гуэрым дагъэтIысхьэ, тепщэхэм я Iизыныншэу дэкI мыхъуну.

Мухьлис щIэрыщIэу зретыж музыкэм. Иджы дунейм къытехьэу хуожьэ цIыхухэм гунэс ящыхъуа опереттэхэр, маршхэр, Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм ятеухуа фантазиехэр, уэрэдхэр. 1922 гъэм къыщыщIэдзауэ адыгэ щIалэр егъэджакIуэу щолажьэ Истамбыл щыщ Бешикташ хьэблэм дэт музыкэ еджапIэм. Абы щеджа куэд артист хъуащ, я зэфIэкIымрэ я щIэныгъэмрэ гъуэгу тэмэм ягъуэтри. Мухьлис и музыкэ хьилмыр бэм къащIат. Ар гурыхь зэращыхъурт тырку кино зыбжанэм я макъамэ абы щIрагъэтхари. Сэбэхьэддиным опереттэрэ музыкальнэ пьесэу и IэдакъэщIэкIащ 25-м нэблагъэ.

Гукъутэгъуэрэ нэщхъеягъуэкIэ гъэнщIащ «Адыгэ жьэгур блэжкъым» жыхуиIэ гъыбзэ-макъамэр. И адэм зыщIигъэдэIуу щыта хэкужь хъыбархэрт, Кавказым хуиIэ лъагъуныгъэрт абы лъабжьэ хуэхъуар. «Гугъущ адыгэ жьэгур хамэщIым щыщыпхъумэну, ар зэхэмыкIыжу Тыркум щыбгъэблэну» - макъамэ нэщхъеягъуэм и бзэкIэ арт къиIуатэр композиторым.

Псэ хьэлэл зиIэ цIыхут Мухьлис. Лъагъуныгъэ къабзэ абы хуиIэт МэлэчкIэ зэджэ пщащэм, Истамбыл дэт театрым и артисткэм, ауэ кIэщIт а тIум яку дэлъа IэфIагъыр: щIалэ дыдэу, и дахэгъуэу дунейм ехыжащ Мэлэч.

Къытепсыха гуауэ хьэлъэм икъутащ Сэбэхьэддиным и гъащIэр. Хебалы АдакIэ зэджэ хыхъуанэм щыIэ санаторэм щIэлъу 1947 гъэм дунейм ехыжащ тырку гъуазджэм жумарту хуэлэжьа композитор цIэрыIуэр.

Тырку музыкальнэ щэнхабзэм увыпIэ ин щызыубыда а адыгэлIым и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ теухуауэ куэд ятхыжащ. Абыхэм къагъэлъагъуэ пщIэрэ щIыхьу композиторым игъуэтар.

Мухьлис гурыхуэт, абы и музыкальнэ пьесэхэр къанэ щымыIэу гукIэ ищIэрт. Псоми я гугъу тхуэмыщIми, лэжьыгъэ зыбжанэ я цIэ къитIуэнщ, гъуазджэм лъабжьэ быдэ щагъуэтауэ. Абыхэм ящыщщ пьесэхэу «МафIэшхуэ», «Лъагъуныгъэр уахътыншэщ», музыкальнэ гушыIэхэу «Шатрзаденар», «Захьрэ», «Айшэ», «Монбей», «Сэр папщIэ», «Уей, си анэу Къайсери!», «Утыку», «ЦIыхубзхэм ягу ирихь щIалэ», опереттэхэу «ХэкIыпIэншэ», «Зухра», «Гюль Фатмэ», «Лъагъуныгъэм и еджапIэ», «Пщым и лъагъуныгъэр», музыкальнэ ревюхэу «Мазэ ныкъуэ розэ», «Цыджан лъагъуныгъэ», нэгъуэщIхэри.

Мухьлис и IэдакъэщIэкIхэр икъукIэ Iэзэу езым зэридзэкIырт, нэгъуэщI музыкальнэ Iэмэпсымэхэм къыхагъэкIын папщIэ.

Кавказым, адыгэ хэкум ятеухуауэ абы итхащ лэжьыгъэ зыбжанэ икIи ахэр уващ къызыхэкIа лъэпкъым напэ хужькIэ зэрыбгъэдэтам и щыхьэту.

Хъуршыд и бынунэр Драмэ яхуауэ щыщыIэ лъэхъэнэм абы и унагъуэм къралъхуат Нэуэсэр зыфIаща хъыджэбз цIыкIур. ЦIыхубз дахэт Нэуэсэр и анэр. ГъэщIэгъуэныращи, абы и шыпхъум ипхъу адыгэ пщащэ Шэрджэс Кариман 1932 гъэм дуней псом цIыхубзу тетыр дахагъкIэ щызэпрагъэуам щыгъуэ япэ увыпIэр хуагъэфэщат.

Нэуэсэри къыдалъхуат, и дэлъху Мухьлис хуэдэу, музыкэм и гъуэгуанэ гугъуу щIыхькIэ гъэнщIар зэрызэпичыфын къарурэ зэфIэкIрэ. Фортепианэ гъуазджэр тырку музыкальнэ щэнхабзэм япэ дыдэу хэзыхьахэр а зэдэлъхузэшыпхъурщ. АфIэкIа ямылэжьами, аркъудейр ирикъунт а тIум я цIэр тырку тхыдэм къыхэнэн папщIэ, ауэ зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъитIыр абы къыщызэтеувыIакъым: мурадымрэ лъэкIыныгъэмрэ зы напIэ хъуати, гугъэшхуэм дыгъэпс пэлъытэу къыхишырт дунейр дахагъкIэ зэрихуэпэнухэм щыщ къэхъугъитI.

Нэуэсэр щеджащ хъыджэбзхэм папщIэ щыIэ франджы школым. Абы щрагъэкIуэкIауэ щыта зэпеуэм адыгэ ныбжьыщIэм жыжьэрэ гъунэгъуу зыри къыщылъэщIыхьакъым икIи япэ увыпIэр къыхуагъэфэщат.

Адэр ящхьэщымытыжми, гугъапIэ дахэхэр IэщIыб ищIыртэкъым Мухьлис. Ар хуейт езым нэхъ зыхищIыкI IэщIагъэм и шыпхъур иригъуазэу цIэрыIуэ ирихъуну. «Хэт ищIэн, уэсяту я адэм къигъэнагъэнкIи хъунщ и бынхэм музыкэм зратыну», - апхуэдэ гукъэкI уегъэщI, а тIум я ерыщагъыр къэплъытэмэ.

Илъэс пщыкIущым иту арат Нэуэсэр полькэ щызэхилъхьам. ЕхъулIэныгъэфIхэм я щIэдзапIэт ар, и къежьапIэт тырку музыкальнэ гъуазджэм и вагъуэщIэу къэунэхум.

Нэуэсэр дэкIуауэ щытащ Эдирне къалэм и губернаторым и къуэ Куэкудэш Мухьэмэд-Хьэлий, ауэ кIэщI дыдэу къызэтекъутащ унагъуэ насыпыр: илъэситI фIэкIа дэмыкIауэ, франджы-инджылыз зэрыпхъуакIуэхэм здезауэм, Чаныкъалэ и IэшэлъашэхэмI деж къыщаукIащ Нэуэсэр и щхьэгъусэр.

И дэлъхум ещхьу, Нэуэсэр къехъулIакъым насып иIэну, ауэ абыкIэ гузэрыдзэ ищIу IэщIыб ищIакъым гъуазджэр. КуэкудэшхэI я нысэм и гъащIэр триухуащ Iуэхугъуитымии: и щIалэ Аднан фIым хуэгъэсэнымрэ музыкэм хуэпэжынымрэ. И дунейр иухыхункIэ псэ къабзэрэ гу хьэлэлкIэ а тIум яхуэлэжьащ адыгэ бзылъхугъэр.

Куэкудэшыр хабзэ дахэрэ нэмысышхуэрэ зыбгъэдэлът. Абы хэлъа хьэлыфIхэм ящыщ зыщ мыр: 1947 гъэм и дэлъхур дунейм ехыжыху Нэуэсэр утыку къихьакъым. Композиторым и IэдакъэщIэкIхэр зыми иригъэлъэгъуакъым икIи Тыркум исхэм ящIакъым пасэу къэунэхуа вагъуэщIэм и нурхэр езым зэригъэпщкIужыр.

Мухьлис итххэм япэмыхъуну хьэмэрэ абыхэм яфэгъуэкIыну аратэкъым абы къигъэщI музыкэр. Ар апхуэдэу щытамэ, тырку музыкальнэ гъащIэм «Куэкудэш Нэуэсэр!» щыжригъэIэфынтэкъым. Абы и гуращэ дахэр зытеухуар зыт - фIыуэ илъагъу и дэлъху закъуэм зэран хуэмыхъунырт. ИкIи ар игъэпэжащ.

И цIэр бэм зэхахыу и акъылым къигъэщIыр гунэс ящыхъун щхьэкIэ, Куэкудэшым къызэринэкIын хуейт IуэхугъуитI. Япэрауэ (ар щIэхъумэни хуейкъым), Мухьлис иужькIэ музыкэ уафэм зыщыпIэтыныр Iуэху джэгутэкъым; етIуанэрауэ, абы зэран къыхуэхъурт зэрыцIыхубзыр. Иужьрей щхьэусыгъуэм къыхэкIкIэ куэдрэ екIуэкIащ Нэуэсэр и Iэзагъыр зыуи къэрамыдзэу. Абы къыдэкIуэу къалъытэрт итх макъамэхэр тырку классическэ фащэм пэжыжьэу.

Ар и зыIэтыкIэт Куэкудэшым и музыкэ вагъуэм. ЩIэдзапIэм Iэнкунымгъэ гуэрхэр щыIами, иужькIэ зэуэ бэм ипхъуэтащ адыгэ бзылъхугъэм и уэрэдхэр, музыкальнэ фантазиехэр, къызэрыфэ макъамэхэр, опереттэхэр. Тырку музыкэм лъэбакъуэ узыншэ езыгъэча композитору уващ адыгэ бзылъхугъэм и IэдакъэщIэкIхэр.

## Гугъэ IэубыдыпIэншэ

ПСЫЖЬ адрыщI икIа ЛIыхужь Абдулыхь и унагъуэм Самсун вилайетым щыщ Къэуакъ къуажэр егъэзыпIэ зэрищIрэ куэд дэмыкIауэ, 1889 гъэм абы къыщохъу Ауни зыфIаща щIалэ цIыкIур. Сабийр мазих фIэкIа мыхъуауэ, Абдулыхь и бынунэр Истамбыл егъэIэпхъуэ. Етхуанэ классыр къиуха нэужь, щIалэр адэкIэ иримыгъаджэмэ нэхъ тэмэму къелъытэ адэм. Ауэ ныбжьыщIэм щэхуу зригъащIэу щIедзэ сурэт щIыныр. Хъуапсэрт сабийм и псэр, гугъэр, емылыджи, IэубыдыпIэншэт.

ЩыгъуэлъыжкIи, къыщытэджкIи, щышхэкIи, къыщикIухькIи щIэчэ имыIэу Ауни и псэр зы къару гуэрым кърихуэкIырт, нэрымылъагъу фIыгъуэ мыбелджылым хуриджэрэ гукъэкIым я нэхъ абрагъуэхэм акъылыр хуигъэхъуэпсIыу икIи псом хуэмыдэу псэхугъуэ щигъуэтыр зы Iуэхугъуэ закъуэ щигъэзащIэм дежт - сурэт щищIырт. ЩIы гъущIам псыкIэ зыщигъэнщIыжым хуэдэу, а лэжьыгъэрт Ауни и зэманыр зыщIэзыфыр.

ЩIалэ цIыкIум бгъэдэлъ талантым зэуэ гу лъатащ. ЛIыхужь Ауни и зэфIэкIыр къыщищIэм, изобразительнэ гъуазджэмкIэ музейуэ Истамбыл дэтым и унафэщI Уэсмэн Хьэмди-бей елъэIуащ министрым - Шахзадэ Абдул-Мэжид - икIи сурэт щIыным зи гур ета ныбжьыщIэр Париж ягъакIуэ гъуазджэ хэIэтыкIахэм я Академием.

1914 гъэм Ауни къегъэзэж Тыркум икIи гъуазджэ хэIэтыкIахэм я еджапIэу Истамбыл дэтым илъэситIкIэ щрегъаджэ. ИужькIэ ар гъуазджэмкIэ Академием щолажьэ. ГъащIэ мащIэт ЛIыхужьыр - и ныбжьыр илъэс 38-рэ фIэкIа мыхъуауэ ар 1927 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м лIащ. Абы и хьэдэр щыдахым Истамбыл и хьэблэ ЛалелыкIэ зэджэм щыIэ Хьэрикъ Зедегъан уэрамым Iэпэ дэупIэ иIэкъым жыхуаIэм хуэдэт. СурэтыщI цIэрыIуэр иужь дыдэ гъуэгу трагъэувэжырт и ныбжьэгъу, и гъэсэн куэдым.

- Дэнэ «ЛIыхужьыр» къыздипхар? Сыт а унэцIэр, тыркухэм закъыхыумыгъэщу, щIумыхъуэжыр? - апхуэдэ упщIэхэр абы мызэ-мытIэу кърататырт.

- Адыгэу сыкъалъхуащи, адыгэуи гъащIэр сиIэху сыпсэунущ. Си адэм и унэцIэр зэи зыми езгъэхъуэжынкъым, - яжриIэрт Ауни къеупщIхэм.

ЛIыхужьым романтикэ еплъыкIэ иIэт икIи акъыл нэхурэ гупсысэ куукIэ гъэнщIа абы и IэдакъэщIэкIхэм зэуэ наIуэ къащI пэжыр, гъащIэм и дахэр, псэукIэ тыншыр и лэжьыгъэм къыщиIэт Iуэхугъуэхэм джэлэс яхуищIыну ар зэрыхэтар. Ауни езыр цIыху Iэдэбт икIи зэщIэкъуат. Сурэт щIыным и закъуэтэкъым абы и гуащIафIэм и лэжьыгъэхэр трыригъадзэрт «ЩIэдзапIэ» газетымрэ «Тырку щIыналъэ» жыхуиIэ журналымрэ. Ауэ прозэ, усэ тхыныр Ауни и IэщIагъэ нэхъыщхьэу къилъытэртэкъым, абы и гъащIэ гублащхьэр утIыпщ имыIэу зыубыдар сурэт щIыныр.

ЛIыхужьыр ящыщщ тырку художник нэхъ Iэзэ дыдэхэм икIи абы ищIа сурэтхэр адрейхэм я IэдакъэщIэкIхэм къащыхыумыцIыхукI зэи къэхъуртэкъым, сыту жыпIэмэ дэтхэнэ зыми къытещырт Ауни и гъащIэ пыдзахуэ, и IэпапIэ, и дуней еплъыкIэ; икъукIэ IупщIт абы и гу пщтырагъыу плъыфэхэм къызэкIуэцIахыр.

Пюви де Шаваннрэ импрессионизмэмрэ яжь къащIихуат ЛIыхужьым. Абы ищIа лэжьыгъэхэм я нэхъыбэр езым и щхьэм кърикIуа, езы художникым ехьэлIа Iуэхугъуэхэр къызыщиIэтщ. Ауни ящыщщ импрессионизмэмрэ символикэмрэ я лъабжьэр Тыркум щызыгъэтIылъахэм.

Адыгэ щIалэм художник щхьэхуиту зилъытэжырт, и лэжьыгъэр и купщIэкIи и теплъэкIи зэрегуакIуэу къызэригъэпэщу. Абы теухуауэ ЛIыхужьым и ныбжьэгъу Едыдж Сами игу къигъэкIыжырт:

«ТкIийуэ яхущытт ар и IэдакъэщIэкIхэм. Гупсэхугъуэ игъуэтын папщIэ ерыщу лажьэрт икIи плъыфэхэмкIэ къиIэт Iуэхугъуэхэм ехьэлIа гупсысэм зытет дунейм «тришырти», гъуазджэкIэ зэджэж гъащIэм и дахапIэм иришэрт. Апхуэдэ дакъикъэхэм деж Ауни ищIэжыртэкъым зэрыпсэури, сурэт зэрищIри, здэщыIэ щIыпIэри; апхуэдэ дакъикъэхэрт творческэ гухэхъуэгъуэм щыгу хуэхъур, насыпым и лъагапIэу увыр. Зи IэщIагъэм апхуэдизу зызымыщIэжу итхьэкъуа художникыр пщIэншэрылажьэ хъуртэкъым икIи пщIэ псом я щхьэу абы къилъытэрт и IэдакъэщIэкIхэр цIыхухэм гунэс ящыхъуныр. Ауэ щыхъукIи, къэгъуэтыгъуейт абы и сурэтхэм дамыхьэх. ДэнэкIи щаIэтырт абы и талантыр».

Тырку Республикэм и къызэгъэпэщакIуэ Мустафа Кемал (Ататюрк) псалъэ гуапэ куэд хужиIэгъащ ЛIыхужь Ауни. Гурыхь зэрыщыхъуам и щыхьэту, Тыркум и япэ президентым и хэщIапIэу Анкара дэтым щызэрихьэрт адыгэ щIалэм и акъылымрэ и Iэмрэ къагъэщIа сурэтхэм ящыщ куэд.

Хамэ къэралхэм я музейхэм щIэлъщ художник цIэрыIуэм и IэдакъэщIэкI зыбжанэ.

1957, 1968, 1970, 1986, 1995, 2007 гъэхэм Европэм щекIуэкIащ ЛIыхужьым и сурэт выставкэхэу абы и лэжьыгъэ 300-м щIигъу щагъэлъэгъуар. Абыхэм я къызэгъэпэщакIуэт Ауни и щхьэгъусэ ЛIыхужь Хьэрикъэ Сирелрэ езы художникым академием щригъэджа и гъэсэнхэмрэ.

Адыгэ щIалэм и Iэдакъэ къыщIэкIар куэд мэхъу, а псор къытхуэгъэлъэгъуэнкъым, ауэ я цIэ къитIуэнщ 1908 гъэм езым зытрищIыкIыжу ищIауэ щыта, маршал Фозий Чокъмакъ и сурэтхэм, «Мэжджыт къащхъуэ», «Истамбыл и теплъэ», «Хьэрикъэ», «МэкъумэшыщIэ», «Къэрэхьэлъкъ» зыфIища лэжьыгъэшхуэхэм. Ахэр псори хэтщ ЛIыхужьым и щхьэгъусэм и коллекцэм.

## ГъащIэ гъусэ

1864 гъэм Адыгэ хэкум икIыу Истамбыл дэтIысхьахэм ящыщт Зеифэ Адыл. Ар хэтащ тырку топгъауэдзэм. 1890 гъэм абы къыхуалъху щIалэ цIыкIу. ИлъэсищкIэ зы псалъи жиIэфакъым абы. Адэ-анэр ар бзагуэу къэнэн я гугъэу тегужьеикIат. Ауэ адыгэ унагъуэм къихъуа а сабийм гъуэгуанэ дахэ къыщIэлът. Ар хъунут тырку гъуазджэр зэрыгушхуэну лIы.

Намыкъ Исмэхьил (арат абы зэреджэр) Истамбыл дэт Хьэмидие, Галата-Сарай еджапIэхэм щIэсащ. ЩIалэ щэхут, Iэдэбт, Iэзэу сурэт ищIырт икIи, къыдеджэ цIыкIухэм я мызакъуэу, егъэджакIуэхэм ягъэщIагъуэрт абы хэлъ зэфIэкIыр.

А школым щригъаджэрт Исмэхьил хуэдэу адыгэм къыхэкIа Дагъ Шэукэт. Ар езыр сурэт щIынымкIэ пIэрыхьэхъыныгъэшхуэ зиIэ, зи цIэр ину Iуа лIыт. Исмэхьил хэлъ хъуаскIэр абы къимылъагъупIэр иIэт? ЩIалэм щIэгъэкъуэн зыхуищIри, хуигъэсащ, хуиущияц художник IэщIагъэм хэлъ щэхухэм.

ИужькIэ Дагъ Шэукэтрэ и Iыхьлыхэмрэ трагъэгушхуэри, Намыкъ Исмэхьил Париж ягъэкIуащ, сурэтыщI еджапIэ кърагъэухыну. 1912-1914 гъэхэм ар щылэжьащ ХудожествэхэмкIэ академием, итIанэ ЛIыхужь Ауни и гъусэу - Кармон и мастерскойм.

Япэ дунейпсо зауэм щыгъуэ Исмэхьил офицеру щытащ.

Намыкъым аргуэру илъэситIкIэ Париж егъэзэж икIи Ориений, Либерман сымэ я мастерскойхэм щолажьэ.

Исмэхьил «Ле Десаншантие» зыфIища и романтическэ сурэтым текIуэныгъэ къыщихьат Париж щрагъэкIуэкIа зэпеуэ-еплъыныгъэм.

Тыркум къигъэзэжа нэужь, Намыкъыр япэщIыкIэ лэжьащ егъэджакIуэхэм я зэфIэкIыр къипщытэу, иужькIэ ягъэуващ Iэзагъ хэIэтыкIахэм я художественнэ Академием и унафэщIу.

Сыт хуэдэ IэнатIэ пэрымытами, сыт хуэдэ щIыпIэ щымыIами, сыт хуэдэ цIыху яхэмытами, Исмэхьил зэи зыщигъэгъупщакъым адыгэ лъэпкъым къызэрыхэкIар.

1919-1922 гъэхэм Намыкъым франджыбзэмрэ сурэт щIынымкIэ щригъэджащ Бешикташ дэт адыгэ еджапIэм. ЩIалэ IэпщIэлъапщIэт Исмэхьил. ДагъэкIэ сурэт щIыным къыдэкIуэу, абы Iэзагъышхуэ къыщигъэлъагъуэрт скульптурэми.

1923 гъэм Намыкъым и Iэдакъэ къыщIэкIащ дунейм и теплъэ къызыщигъэлъэгъуа «Хьэм» зыфIища сурэтыр. Зи гугъу тщIы лэжьыгъэм лъэ быдэкIэ щыгъэуващ реалист бгъэдыхьэкIэр. Мыбы ауэ жыжьэуи къыщIихуакъым импрессионизмэм ижь.

Дыгъэ бзийм и хуабагъкIэ гъэнщIа дунейм нэ къабзэкIэ йоплъ художникыр. Сурэтым Iэзэу щызэпыщIащ уафэ къабзэр, дыгъэ лыдыжыр, щхъуэкIэплъыкIэу хуэпа щIылъэр. КъыпфIощI псэ зыпыт дуней дахэм утеплъэ.

1925 гъэм художникым ищIащ: «Пщэдджыжьыр хы Iуфэм» жыхуиIэ лэжьыгъэр, Iэзагъышхуэ зэрыхэлъым папщIэ бэм гунэс ящыхъуар. Исмэхьил, усакIуэ нэсым и бзэкIэ къиIуэтэж хуэдэу, уи пащхьэ кърегъэувэ сурэтым къегъэлъагъуэ махуэщIэр къызэралъхур икIи абыкIэ къуиIуэкI хуэдэщ цIыху гъащIэм и ублапIэр.

Лирикэ куукIэ гъэнщIащ «Мазэгъуэ», «Псы Iуфэр - мазэгъуэ жэщым» зыфIищахэр. Мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр къэбгъэщIыфын щхьэкIэ, сурэт пщIыф кӯдейуэ ущытыныр мащIэщ. Мыхэр щыхьэт тохъуэ зыми ямылъагъу еплъыкIэ гъуэзэджэ Исмэхьил къызэригъуэтыфым, дунейм и дахагъымрэ и IэфIагъымрэ телъыджащэу къызэриубыдыфым, акъыл жанрэ гупсысэшхуэкIэ зэрыкъулейм. Абы и лъэныкъуэкIэ ирикъуни «Анкара - гъатхэм» жыхуиIэ сурэтхэр къэбгъэлъэгъуэну. Щызщ мыхэр дунейм и щIэрэщIэгъуэр хэIэтыкIауэ зыгъэбелджылы нэщэнэхэмкIэ.

Художникым и акъылыр реалист гупсысэ тэмэмым зэрытеухуар, ар абы зэрыхуэлажьэр къоув Намыкъым и щхьэмрэ и цIэмрэ лъагапIэщIэм тезыгъэувэ хэкIыпIэ щхьэхуэу.

Тыркум щауххуа унэхэу зэгъэпэщын хуейхэм е щIадзэу щIэуэ ящIхэм сурэтхэр, тхыпхъэщIыпхъэхэр хэщIыхьын и лъэныкъуэкIэ къэрал хабзэ гъэувыным япэ лъэбакъуэ хуэзычахэм ящыщщ Намыкъыр. АбыкIэ ар хуейт тырку художникхэм я лэжьыгъэр зэманым псынщIэу имыпхъэхыжын хуэдэу уахътыншэ ирищIыну.

Намыкъ Исмэхьил сурэт ищI кӯдейм къыщымынэу, атIэ художник IэщIагъэм теухуа тхыгъэхэри итхырт икIи журналхэм, газетхэм къытрырегъадзэрт. Абыхэм ящыщщ XVI лIэщIыгъуэм псэуа итальян художник, архитектор, скульптор икIи усакIуэ Б. Микеланджелэ теухуар. ЩIэныгъэ ищхьэмрэ курыт щIэныгъэмкIэ министерствэм къыдигъэкI тхыгъэхэм я гъусэу дунейм къытехьэу щытащ «ЦIыхушхуэхэр» фIэщыгъэр иIэу Намыкъым игъэхьэзыр лэжьыгъэхэр.

Академием и унафэщIу здэщытым Намыкъым куэд ищIэрт икIи хэлъ хьэлыфIхэмрэ иIэ цIыхугъэ лъагэмрэ гукъинэж ящыхъурт абы къыдэлэжьахэм. Исмэхьил и къуэдзэу щытахэм ящыщ зым игу къегъэкIыж:

«ИлъэсиплIкIэ сыдэлэжьащ сэ абы икIи а зэманым къриубыдэу зы махуэ къыхэхуакъым, IуэхукIэ къысхуей хъумэ, и пэшым сыщриджа, атIэ «сэ сывиунафэщIщ» жиIэу хэIэтыкI хэмылъу езыр си деж къыщIыхьэрти, къыщIысхуейр къызжиIэрт. Си гъащIэм апхуэдэ цIыхуфI слъэгъуакъым. Академием ирашу нэгъуэщI IэнатIэ ягъэувыну къыхуагъэлъэгъуати, идакъым кIуэн, «си гъащIэри си гуащIэри мыбы щесхьэлIакIэ, мурад гуэрхэр сиIэщ, ар къызэхъулIэмэ сэркIэ насыпщи, нэгъуэщI лэжьыгъэкIэ сымыхъуэжмэ нэхъ къэсщтэнущ» жиIэри. ЗэрыжиIам хуэдэу пэжуи къыщIэкIащ икIи икъукIэ Iуэхушхуэ илэжьащ тырку гъуазджэм зиужьын папщIэ».

Исмэхьил цIыху фIыуэ илъагъурт. ПщIэшхуэ хуищIырт хабзэ, нэмыс зыхэлъым, и псэр иригъэшхынут лэжьыгъэм хьэлэлу бгъэдэт дэтхэнэ зыми. Зэгуэрым Академием щылажьэ егъэджакIуэ къэралым IуигъэкIауэ хъыбар щызэхихым, Намыкъыр тIысыжащ «Сэри афIэкIа сыщылэжьэнукъым» жиIэри. Исмэхьил апхуэдэу щIилэжьар езым щхьэкIэу къыщищIэм, егъэджакIуэр адыгэлIым и унэ кIуэри жриIащ ныбжьэгъугъэм абы пщIэ зэрыхуищIыр хьэкъыу зэрыпхыкIар икIи езым и зэранкIэ Академиер хыфIимыдзэжыну елъэIуащ.

1935 гъэр Намыкъ Исмэхьил и гъащIэм и иужьрей илъэст. «Къадыкой» кхъухьыр тенджыз толъкъунхэм дэщэнауэрт, абы исхэм ящыщ зым и гур иубыду, зэшэзэпIэу щылIам. Кхъухьыр щэнауэрт, дунейм ехыжа художник Iэзэм и гум хэлъа иужьрей дыдэ къеуэкIэм и къарур къыхыхьэ хуэдэу икIи къыпфIэщIынт а гуауэшхуэм тенджызыр дэщыгъуэу: хуэм-хуэмурэ мамыр хъурт псыр, зи псэ хэкIа цIыхушхуэм и хьэдэр зэрылъ кхъухьыр щабэ дыдэу икIи сакъыпэурэ фIэкI щIимыгъэхъаеу. Тенджызыщхьэм щыункIыфIат зи акъылымрэ зи гуащIэмрэ хамэ къэрал гъуазджэм жумарту хуэзыгъэлэжьа Намыкъ Исмэхьил и гъащIэр.

А дакъикъэхэм уафэм щижакъым зы вагъуи. Къэхъуа щIэщхъур Iэтыгъуафlэ бэм ящищIрэ ар зыхуэблэр зэрыуахътыншэм щыхьэт техъуэу, Тырку уэгум къыщыунэхуащ вагъуэщIэ, фIэпщын цIэ щхьэкIэ ущIэлъыхъуэни, «хэт ар зейр?» жыпIэу ущIыщIэупщIэни щымыIэу.

1875 гъэм Истамбыл къыщалъхуащ Дагъ Шэукэт. Адыгэ щIалэм и ныбжьыр илъэс 22-рэ щрикъум ирихьэлIэу къеух Iэзагъэ хэIэтыкIахэм я академиер. ИужькIэ щолажьэ Галата-Сарай еджапIэм.

Махуэ гуэрым абы къыхущIахьэ Iэзагъэ хэлъу щIа сурэт. Художникышхуэм икъукIэ гъэщIэгъуэн икIи гуапэ щыхъуащ «ар зыщIар адыгэ щIалэщ» жаIэу щызэхихым. КъызэрыщIэкIымкIэ, сурэтыр зи IэдакъэщIэкIыр Намыкъ Исмэхьилт. ЗэрыцIыхуащ. Абы къыщымынэу Шэукэт гъуазэ хуохъу зи зэфIэкIыр сурэт щIыным хузэIузых щIалэм.

Дунейм и теплъэр сурэту ищIыну хуабжьу фIэфIт Шэукэт. Абы апхуэдизу Iэзэу плъыфэхэр къигъэсэбэпыфырти, Шэукэт «къэралым и блэкIар къэзыгъэлъэгъуэж тырку живописым и тхьэмадэ» хужаIэрт.

Мэжджытхэм сурэтхэр, тхыпхъэщIыпхъэхэр хэщIыхьынри графикэри Дагъыр дэзыхьэх лэжьыгъэт. Абы и дуней тетыкIар зыхуэдэр къэпщIэну ухуеймэ, еплъ Шэукэт и сурэтхэм. Гъуджэм хуэдэу абыхэм къощ Дагъыр гъащIэм зэрыхущытар.

Сурэт щIыным и закъуэтэкъым ар зыхуэIэкIуэлъакIуэр. Адыгэ щIалэр бэнакIуэ Iэзэт, сыхьэтщIыж бэлыхьт. Шэукэт хэзагъэрт скульптурэми. Езым гушыIэ дахэ зэрыхэлъым икIи ар фIыуэ зэрилъагъум щыхьэт техъуэу, ауан хъыбархэр тхыни зыхилъхьэ щыIэтэкъым. Къалэ зыбжанэм къагъэлъагъуэурэ ар хахауэ щытащ меджлисым. Сыт хуэдэ Iуэху имыгъэзэщIами, Дагъым гъащIэ гъусэу иIащ пэжагъымрэ псэ къабзагъымрэ. Апхуэдэу зэрыщытыр иплъагъуэрт абы и нэгум икIи ар зымыцIыхуу ирихьэлIэ дэтхэнэ зыми шэч ищIыфынтэкъым а лIыр и напэм щещэжын медан къэхъункIэ хъуну.

Тырку гъунапкъэр зэпаупщIри, художникышхуэм и лэжьыгъэхэр утыку ихьащ икIи гъуазджэм и лъагапIэ хэIэтыкIахэр зэрыхуагъэфащэр белджылы ирихъуу, дунейпсо еплъыныгъэхэм я бжэр къызэIуах. Шэукэт и IэдакъэщIэкIхэр 1909 гъэм щагъэлъагъуэ Афинхэм, Мюнхен. 1938 гъэм Париж щекIуэкIа еплъыныгъэм ар лауреат щохъу икIи дыщэ медаль къыхуагъэфащэ. Дагъым и сурэтхэр сыт щыгъуи щагъэлъагъуэ Анкара, Истамбыл, Измир, Къайсэр щекIуэкI выставкэхэм. Къигъэсэбэп плъыфэхэм ящыщу къащхъуэр абы зыпищI щыIэкъым.

Художникым и псэр абы дихьэхыу зэрыщытар гъэщIэгъуэнщ икIи шэч уегъэщI, пшэхэм щIамыхъумэ нэужь, уафэр сыт щыгъуи зэрыкъабзэм, зэрыбзыгъэм хьэщыкъ ищIу, къащхъуэ плъыфэр Шэукэт и гум хыхьауэ, и псэм фIыуэ илъэгъуауэ. Уегупсысыпэмэ, сыт щыIэ нэр щыджылу уафэ къащхъуэ къабзэ мамырым дыгъэ лыдыжыр къищу уIуплъэн нэхърэ нэхъ гуапэ?! Абы куэд къеубыд.

Ауэ абы къыщымынэу, а щытыкIэм нэхъыби кърихыфу щытагъэнут Шэукэт. МафIэ Iугъуэмрэ гын гъуэзымрэ ямысеймэ, къащхъуэщ уафэр. Бомбэ уэшхым щIимыуфэмэ, къащхъуэщ уафэр. Лъыр зыпыткIу зауэщIэгъэстхэм къамыгъэуфIыцI нэужькIэ, къащхъуэщ уафэр. Ар зы лъэныкъуэкIэ.

НэгъуэщIкIи, къащхъуэщ зи гур къабзэу зи псэр нэхум дежкIэ. Къащхъуэщ зи нэм лъы къытемылъэдам е щIыIуху къытримыхьэм и дежкIэ, зи псэр пшагъуэ IэрыщIкIэ щIэмыуфам, зи акъылыр пцIыкIэ ямыгъэутхъуам дежкIэ.

Художникым куэд хилъагъуэу щытагъэнущ а плъыфэм.

Исмэхьил и лэжьыгъэ нэхъыфIхэм ящыщу къэбгъэлъагъуэ хъунущ «Айя-София», «Турбэбжэ», «Рустэм и бжьамий» жыхуиIэхэр. Абы и сурэтхэм ящыщ куэд ящэхурт хамэ къэралхэм щыщ живописым пщIэ хуэзыщIыф пащтыхьхэм, президентхэм икIи Iэзагъэшхуэ хэлъу зэрыщIам ирипагэу яхъумэрт.

Иужьрей илъэсхэм дунейм и теплъэр къызыщыгъэлъэгъуа сурэтхэр щIыным нэхъ зритат художникым.

Дагъ Шэукэтрэ Намыкъ Исмэхьилрэ - егъэджакIуэмрэ абы и гъэсэнымрэ - зэрызэщхьыр сурэт зэращI е адыгэ лъэпкъым къызэрыхэкIа кӯдейм и закъуэкъым, атIэ а тIур зэщхьщ я дуней ехыжыкIэкIи. 1944 гъэм Хисар къикIыж кхъухьым здисым, и гур иубыдри лIащ зи ныбжьыр илъэс 69-м нэса Шэукэт.

АбыкIи зэфIэкIыркъым а цIыхушхуитIым я зэщхьыныгъэр. Псэуху щIылъэм вагъуэу щыбла Шэукэт ункIыфIыжакъым дунейм ехыжа нэужьи. СурэтыщI Iэзэр вагъуэщIэти, Нэмыкъ Исмэхьил хуэдэу, пщIыпщIыжу къахэуващ тырку уафэр зыгъэбжьыфIэ адрей вагъуэхэм.


СурэтыщI ЛIыхужь Ауни


Композитор Бжьынэупхъэ Нэуэсэр


1932 гъэм дунейпсо зэпеуэм нэхъ дахэу къыхаха Бжьынэупхъэ Кариман


Композитор Шызэмыгъу Хъалид


СурэтыщI Хъутат Пынар


СурэтыщI Пщэкукъуэ Ахьмэд

